



Evènman trajik ki sot pase an Ayiti-a afekte tout Ayisyen kap viv nan Brooklyn ak Queens. Dyosèz Brooklyn nan ap fè tou sa li kapab pastoralman pou li pote konsolasyon ak lapriyè pou viktim yo. Biwo Migrasyon Katolik la trè kalifye e li pare pou-l ede tout Ayisyen nan kominote-a pou yo kapab aplike pou yon sitiyasyon tanporè ak pèmi travay. Anplwaye Biwo Migrasyon Katolik la kapab ede nou ranpli aplikasyon nou yo pandan period sa-a.

SI NOU VLE APLIKE, NOU FET POU NOU POTE DOKIMAN SA YO:

- Kopi paspò nou avèk ak de nesans-nou ki tradwi an angle, e yon pyès idantifikasyon ki gen foto nou (*ki kapab prouve ke nou se Ayisyen*).
- Resi tou nèf ki montre ke nou peye lwaye, souch chèk ke nou touché, papye bank ke nou resevwa chak mwa, papye lekòl, ak tout lòt dokiman ki kapab montre ke nou tap viv Ozetazini avan ou depi 12 Janvyè 2010.
- Ti kat blan (I-94 rantre ak soti) ke yo te ba nou lè nou te rantre isit.
- 2 foto paspo tou nèf
- \$510 sou fòm lajan kach ou "money order" fèt sou non "Catholic Migration Office" (nou pa aksepte chèk pèsonèl)

ENPOTAN!

Si yo te janm arête-w, nou pral bezwen kontwole tout Sètifika Dispozisyon-w yo pou detemine **si** ou elijib

“TANPRI RELE POU FE YON RANDEVOU”



CATHOLIC MIGRATION OFFICE

BROOKLYN OFFICE (MAIN)

1258 65th Street
Brooklyn, NY 11219
718.236.3000

QUEENS OFFICE

47-01 Queens Blvd, Suite 201
Sunnyside, NY 11104
347.472.3500